

Analiz Sikososyal Konfli yo

Prezantasyon zouti a

Zouti pou pou evalyasyon ki konbine epi entegre kèk eleman nan Apwòch «Do No Harm» Mary Anderson nan ak apwòch sikososyal la.



Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra

Impressum

Éditeur Action de Carême | DDC

Verantwortlich Felix Wertli | Yvonne Buschor

Auteur(e)s Office for Psychosocial Issues (OPSI): Professeur associé Dr. David Becker, Kathrin Groninger, Claudia Luzar

Rédaction Charlotte Nager

Graphisme grafikcontainer, Luzern

Impression SWS Medien AG Print, Sursee

Coordonnées www.actiondecareme.ch | www.ddc.admin.ch | www.opsiconsult.com

Nou kapab telechaje kaye sa, ak tout lòt dokiman sou analiz sikososyal konfli yo, sou sit sa a :
www.actiondecareme.ch/analysedeconflit

Lis chapit yo

- 5** Prezantasyon zouti a
- 9** Chapit I:
Entèpretasyon pèsonèl
- 13** Chapit II:
Peyizaj konfli a
- 19** Chapit III:
Mekanis ak fonksyon konfli yo
- 24** Chapit IV:
Aktivite pwojè a pa rapò ak konfli a
- 27** Chapit V:
Evalyasyon : ki sa pou n kenbe, ki sa pou n modifye ?

Prezantasyon zouti a

Zouti sa a ede enstitisyon yo evalue pwojè yo epi evalue pwòp tèt yo. Li pèmèt yo analize epi apresye aktivite ki gen rapò ak kontèks sosyal kote yap entèvni an, ansanm ak fason yo abòde responsablite yo ak pwoblèm yo, pandan yap konsidere eta sikolojik anplwaye yo. Konsa, enstitisyon sa yo kapab, yon bò, idantifye epi korije erè yo fè deja yo, yon lòt bò, konprann epi konsève sa ki te fè yo reyisi. Yo genyen tou mwayen nesèsè pou idantifye, lè yo vle, sitiyasyon ki kapab vin sous pwoblèm epi abòde yo ak kreyativite.

Tout pwojè yo konsène yon fason dirèk oswa endirèk ka konfli sosyal yo, kèlkeswa domèn nan : pwojè enfrastrikti (tankou konstriksyon yon wout), pwosesis sosyal ak enstitisyon (tankou soutni sendika oswa kreye estrikti kominal demokratik), pwojè sikososyal (mwayen pou diminye twomatis oswa fòmasyon). Travay enstitisyon yo gen enpak sou dewoulman konfli yo, an menm tan, konfli yo, bò kote pa yo, detèmine travay sa a. Kanmenm, echèk ak reyisit yo depann tou de sitiyasyon pèsònèl nou, de satisfaksyon nou, de epwèb ke nap viv, de kolaborasyon ki genyen nan ekip la. Lè nou nan biwo a, pèsònalite nou pa rete lakay. Se ekzakteman paske nou kapab panse epi tou santi, ki fè nou kapab reyisi nan pwofesyon nou. Gade reyalyite a epi entèprete l fason pa nou, se pa yon bagay ki negatif, epi sa pa vle di non plis ke nou manke pwofesyonèl, se sèlman yon faktè enpòtan nan zafè travay.

Si nou vle analize epi pi byen konprann pwojè yo, nou dwe non sèlman etidye konfli yo nan kontèks kote yo rive a, men tou konsidere moun ki kreye yo a, avèk pwòp konfli pèsònèl pa yo. Konsa, analiz konfli nou pwopoze la yo konsidere faktè sosyal yo ansanm ak faktè pèsònèl yo, epi pèmèt kolaboratè yo akonpli travay yo pi byen.

Konfli yo kapab detwi anpil epi koze domaj pou anpil anpil tan lè yo vyolan. Sa pa vle di yo negatif poutèt sa, men yo konstitiyè motè tout pwosesis devlopman yo, sosyal ak pèsònèl. Konfli yo pèmèt nou rann vizib enterè opoze yo ak distans ki genyen ant sa nou ta renmen fè ak sa nou kapab fè. Pafwa, yo sèlman montre tou de fas yon menm meday. Kidonk, kapab transfòmasyon yon konfli yon fason ki konsyan, se yon resous enpòtan nan koze viv ansanm. Poutan, li souvan difisil pou moun ki konsène yo prezève tèt yo de pouvwa konfli yo genyen pou detwi. Tan pou yo tonbe nan rayisman ak vyolans, fòk yo jwenn pito kouraj pou atake rasin konfli yo epi itilize yo, pou yo kapab amelyore sitiyasyon an. Kòm pifò konfli yo rive nan yon espas ki konplèks, mele ak valè ak pwatikiltirèl lokal yo, an plis yo se pwodwi istwa a, transfòmasyon yo pa senp, epi li depase souvan kapasite yon moun.

Obstak ki genyen nan analiz ak transfòmasyon konfli yo varye. Souvan, nou bay konfli yo plis valè pase sa yo genyen (« nou pa kapab fè anyen kont sa de tout fason »), nou nye yo (« nap travay sou yon kesyon reyèl ki pa gen anyen pou wè ak yon konfli ») oswa nou lage yo sou do lòt moun (« se konfli pa yo, se ede nap ede yo »). Souvan nap fòse adopte yon pozisyon swa-dizan san pati pri. Nou konsidere tèt nou tankou moun ki deyò konfli a, konsa, nou pa ta renmen rantre ladann, menm si nou parèt enplike depi lontan. Aspè sa kreye polemik nan enstitisyon politik ak ONG entènasyonal yo anpil fwa. Eske lòt moun dwe entèvni, si wi, kòman? Kèlkeswa estati nou, espektatè, aktè pasif, aktè aktif, asistan, nou toujou pataje responsablite soufrans viktim konfli yo sibi. Travay pou transfòmasyon konfli yo nesèsèman asosye ak risk epi kapab kreye angwas lakay moun. Sa rive tou kote aktè yo kapab sispèk konfli yo, men yo pa konprann dinamik yo, ni rapò yo ak konfli sosyal yo, sa ki ka agrave fristrasyon ak santiman agresyon, enpwisans ak dezespwa lakay yo. Li pi difisil toujou pou redesine epi transfòme konfli yo, pou fè yo tounen yon resous pwodiktif, sa vle di, depase sitiyasyon ki gen menas la, rekonèt sa ki pozitif ak sa ki negatif nan konfli a, finalman, viv epi devlope konfli a yon fason ki pozitif. Zouti nou pwopoze a ofri posiblite pou konprann epi amelyore pwojè ki prepare yo nan objektif pou transfòme konfli yo. Metòd li prezante a pèmèt nou etidye an detay peyizaj konfli a epi ki enpòtan pou pwojè a, konprann kòz ak objektif endividyèl, sosyo-kiltirèl ak sosyo-politik konfli yo epi revize travay nou fè nan kad konfli sa yo. Fòk nou kapab rekonèt dinamik konfli yo pou n ka pwofite potansyèl yo genyen an epi devlope li, tan pou n ekspozè tèt nou san nou pa vle nan konfli a epi rann vyolans lan pi mal, jan sa konn rive souvan.

Yon bon analiz konfli yo dwe etabli lyen ant plan endividyèl, sosyo-kiltirèl ak sosyo-politik yo. Si nou egzajere yon ti kras, nou te kapab di ke anplwaye yo pale pafwa de santiman yo ak diferan vizyon de pwoblèm yo, men yo pa janm konsidere sa tankou yon diskisyon travay. O kontrè, lè yap analize sitiyasyon an, yo pale de rapò de fòs sosyal yo, men yo pa pale souvan de sa sa reprezante pou yo. Zouti nap dekri la rantre nan kad yon apwòch sikososyal, sa vle di ki fè lyen ant plan endividyèl ak sosyal : Kòmansman analiz la toujou baze sou rapò pèsònèl nan kad konfli a. A pati de konsiderasyon sa, nap apwofondi vizyon entèaksyon ant diferan plan yo epi nap amelyore kapasite refleksyon an pou n kapab pi byen konprann konfli lòt moun yo, swa nan « kontèks pa nou » swa nan « kontèks lòt moun yo »

Avèk zouti a, li posib pou amelyore estrikti kominikasyon ak òganizasyon yo, adapte objektif ak aktivite pwojè a ak konfli a, epi enstitisyonnalize kèk èd, nan lide pou garanti yon estabilite sikososyal nan mitan pèsònèl la.

Estrikti zouti a

Zouti a gen senk (5) chapit nap prezante yon fason senp pi ba a. Nap dekri aprè, an detay, etap chak chapit yo. Fòk nou prevwa yon dire kenzè d tan, swa de (2) oubyen twa (3) jounen travay, pou n kapab reyalize senk (5) chapit yo, fason yo mande l nan enstriksyon yo. Sa ka parèt trè long, men fòk nou panse ak kompleksite travay la ansanm ak rapò yo nan sityasyon konfli. Li tap pi bon pou nou swiv enstriksyon yo nan lòd yo mande a pou tout chapit yo, men li posib pou rann kèk etap pi kout, oswa sote yo. Pa egzans, li pa toujou nesese pou reyalize etap 1 nan Chapit 1 an, nou kapab rann pi kout etap 2, 3 ak 4 yo, si ekip la konnen deja sou ki sa li vle travay. Men, fòk nou toujou reyalize etap 5 lan.

Fòk gen yon animatè pou aplike zouti a. Men, nou kapab reyalize travay la an ekip, avèk de ou twa moun kap prepare espesyalman yon chapit, epi ki responsab pou l kondwi travay la. Metòd sa pèmèt, non sèlman distribiye responsablite yo nan ekip la, men tou, asire nou pou responsab yo ap byen egzamine – kidonk - byen prepare, chapit pa yo a. Aplikasyon an vin pi dinamik epi, souvan, pi efikas.

Nan Chapit I an, *Entèpretasyon pèsònèl*, Nap kòmanse ak manm ekip la kap sibi evalyasyon an. Nap mande yo ki eksperyans pèsònèl yo nan zafè konfli. Ansanm, nap idantifye prensipal konfli ki defini kontèks makwo-sosyal la, epi konfli ki pi enpòtan ki lye ak pwojè a li menm. Sou baz sa a, nap chwazi epi nap defini yon sijè (konfliktyèl) santral, kap pèmèt nou analize pwojè a avèk chapit kap vini aprè yo. Finalman, nap dekri sijè konfliktyèl la swivan konsiderasyon diferan aktè yo epi nap mete li an sèn, pou n kapab defini li avèk plis presizyon.

Chapit II a se elaborasyon *Peyizaj konfli a*. Nap pale de konfli nou te chwazi nan Chapit I an. Nap detèmine aktè yo, defini diferan nivo konfli a epi nap egzamine dimansyon ekonomik, kiltirèl, politik ak pèsònèl yo.

Nap etidye tou prensipal dimansyon sikososyal ki gen rapò ak konsèp sa yo: menas/pè, destriksyon/twomatis, pèt/dèy. Objektif la se rive genyen yon vizyon konplè de peyizaj konfli a kote yon pwojè espesifik, ak kolaboratè li yo ap evolye, avèk konsyans ou non, swivan volonte yo ou non.

Chapit III a, *Mekanis ak fonksyon konfli yo*, gen pou objektif fè n pran konsyans dinamik kalite konfli yo nou te idantifye nan premye chapit la, epi nou te dekri plis an detay nan dezyèm chapit la, an plis nou pi byen konprann yo. Nap fè parèt eleman divizè yo (dividers) ak eleman ki rasanble yo (connectors) nan konfli a, epi nap eseye etabli gran etap istwa konfli a. Yon fwa nou konnen li, dinamik konfli a ap ede nou fòmile kèk ipotèz sou fason konfli a ap dewoule epi sou evolisyon peyizaj konfli a.

Nan Chapit IV la, *Aktivite pwojè a pa rapò ak konfli a*, nou vle plase pwojè a an pèspektiv. Nap pran nan rezilta Chapit II ak III a, kèk endikatè kap pèmèt nou egzamine jesyon konfli yo nan travay nou an. Eske pwojè nou an ede reyèlman pou transfòme konfli a nan sans nou ta vle l la oswa li kontribiye pou yon rezilta opoze, san nou pat gen entansyon sa? Eske li gen enpak pozitif, menm si se pat volontè? Objektif la la se konnen si pwatik nou an fonksyone oswa si li koze pwoblèm.

Chapit V lan, *Evalyasyon: ki sa pou n kenbe, ki sa pou n modifiye*, gen pou objektif mete an pwatik rezilta nou te jwenn nan analiz pa rapò ak pwojè a, yon fason konkrè epi ki pote satisfaksyon. Pou sa, fòk nou konsidere kat (4) kondisyon ki ka tounen obstak pou transfòmasyon an: kad politik la, mwayen finansye yo, estrikti òganizasyon an, disponiblite pèsònèl anplwaye yo. Nou vle detèmine ki kote pwojè a dwe rekonèt limit li epi ki kote yo ta renmen chanjman ak ki kote yo ka reyalize chanjman. Kidonk fòk nou deside ki sa pou n konsève, ki sa pou n modifiye. Demach sa konsène planifikasyon pwojè a, pwosedi travay yo, estrikti enstitisyonnalizasyon pwosesis refleksyon yo, kontwòl pwosesis transfòmasyon yo.

Analiz sikososyal konfli yo



Chapit I: Entèpretasyon pèsonèl

Entèpretasyon yon konfli depann de pozisyon moun kap obsève a. Nap etidye konsiderasyon pèsonel chak moun, nap idantifye kèk konfli nan pwojè a ak nan peyi a, apre nap chwazi yon konfli pou n analize, sa kap pèmèt nou egzamine aktivite yo anndan pwojè a.



Chapit II: Peyizaj konfli a

Nap mete sou pye epi analize peyizaj konfli a pa mwayen sa yo : idantifye aktè yo sou diferan nivo, ansanm ak tout dimansyon konfli a (ekonomik, politik, kiltirèl ak pèsonèl), etidye pwoblèm sikososyal primè yo (pè, twomatis, dèy).



Chapit III: Mekanis ak fonksyon konfli yo

Nap idantifye tout eleman ki divize ak sa ki rasanble nan kad konfli a, epi gade kòman yo kontribiye pou transfòmasyon oswa agrave konfli a, pou fini nap analize istwa konfli a.



Chapit IV : Aktivite pwojè a pa rapò ak konfli a

Nap mete pwojè konkrè a nan kad konfli a, epi nap etidye l swivan rezilta nou te jwenn nan chapit avan yo.



Chapit V : Evalyasyon : Ki sa pou n kenbe, ki sa pou n modifye ?


Ki eleman nou dwe kenbe paske yo bon epi itil? Ki eleman nou dwe modifye paske yo pa favorize transfòmasyon konfli a, oswa pi mal toujou, paske yo anpeche sa ?

Entèpwetasyon pèsonèl



Dire : 235 minit an tou

Konfli yo make vi nou ak travay nou, yo kite tras. Eksperyans nou viv nan konfli sa yo epi fason nou jere yo pa depann sèlman de konfli a nan li menm, men tou de sitiyasyon pèsonèl nou epi de pozisyon nou adopte a, swivan istwa vi nou, konviksyon nou, epi apatenans nou. Konsa, yon bon analiz konfli yo dwe, non sèlman pale klèman de konfli a, men tou anglobe moun nan oswa gwoup la kap analize konfli a. Kidonk demach analiz nou an kòmanse ak yon egzamen pwòp tèt nou, ansanm ak yon premye definisyon konfli a. Emosyon yo toujou jwe yon wòl nan fason chak moun wè konfli ki antoure l yo. Nan travay, nou panse souvan ke nou dwe adopte yon atitud ki pa gen pati pri, sa ki ta pi adapte ak vrè reyalite a. Nan domèn pwofesyonèl, nou souvan pote yon jijman negatif sou emosyon yo. Yo kalifye ekspresyon emosyon oswa santiman tankou tristès, kòlè oswa lapèrèz, kòm yon mank pwofesyonalis. Nou kwè, o kontrè, ke emosyon yo vini san kontwòl, epi nou pa dwe anpeche sa, nou dwe pito konprann yo epi jere yo. Se menm bagay pou koze san pati pri a: nou estime ke moun ki konsyan de konsiderasyon pèsonèl li a apwoche l plis de pozisyon « san pati pri a » ak yon vizyon pwofesyonèl de sitiyasyon an.



Etap 1 : Nap pati sou konsiderasyon pèsònèl nou. Nap fè echanj sou eksperyans nou genyen nan zafè konfli (gwo ak piti) avèk yon lòt moun nan gwoup la, epi nap prezante devan rès gwoup la eksperyans moun ki an fas nou an nan zafè konfli.

Etap 2 : Nap enterese nou ak konfli ki anvayi nou chak jou, epi nap fè yon lis ki parèt enpòtan pou nou anndan pwojè a. Nap chwazi aprè sityasyon konfli ki domine yo, nap ba yo yon tit ki defini yo, epi nap etabli yon lis ak tit sa yo.

Etap 3 : Nap idantifye konfli ki enpòtan nan peyi kote pwojè a ap monte a. Gwoup la ap reflechi epi diskite sou ipotèz yo ak diferan vizyon sou sityasyon konfli a. La tou, fòk nou elabore yon lis konfli.

Etap 4 : Gwoup la ap chwazi konfli li ta renmen apwofondi a epi itilize pou analize travay li a. Pou sa, lap chwazi yon konfli prensipal pami tout konfli li te idantifye pandan etap 2 a, epi lap lye li ak kèk aspè nan lis ki te fèt pandan etap 3 a. Kidonk lap defini yon sityasyon konfli ki domine epi ki anglobe tout dimansyon nan de lis yo. Etap sa abouti sou preparasyon Dokiman sentèz n° 1 : *Definisyon konfli a*, sa vle di yon deskripsyon kout de konfli a (sentèz de lis yo).

Etap 5 : Gwoup la ap mete konfli li chwazi a an sèn epi lap fè parèt konsiderasyon diferan aktè yo. Nou kapab reflechi ansanm sou fason konfli a konplèks epi sou atitid pèsònèl nou fas a konfli a.



Etap 1 : Konsiderasyon pèsonèl mwen (anv. 35 min)

Prezante tèt ou yon fason trè kout bay vwazen w lan. Eksplike l ki sa ki te motive w pran travay sa a nan pwojè a. Ki kote ou te aprann kèk bagay sou konfli yo ? Kòman ou jere konfli ant ou menm ak lòt moun ? Eske ou gen tandans mennen konfli a jiska la fen oswa kalme sitiyoasyon an ? Ki eksperyans ou fè nan zafè lagè, pèsekisyon ak chape pou l ou ? Reponn kesyon sa yo chak moun, epi pran nòt sou repons moun ki an fas ou a. Nou genyen an tou 15 minit pou n fè sa. Epi, chak moun ap prezante eksperyans moun ki an fas li a bay rès gwoup la (anv. 3 min chak moun).

Etap 2 : Konfli yo nan pwojè a (anv. 40 min)

Refè menm ti gwoup yo pa de (2). Pran senk minit pou reflechi pou kont nou sou konfli yo nan pwojè a. Dapre nou, ki sa ki sitiyoasyon konfli kap domine pou kounye a nan kontèks pwofesyonèl nou ? Fè lis pa w epi pale ak moun ki an fas ou a sou de (2) sitiyoasyon ki pi enpòtan yo. Pou chak sitiyoasyon, jwenn ansanm yon tit ki defini l, ki montre epi rezime sa w te viv nan konfli a. Ekri tit la. Nou gen 15 minit pou n fè tout sa. Prezante pou pi piti de tit devan rès gwoup la. Animatè a ap note tout tit yo sou tablo a oswa tablo afichaj la (10 min).

Etap 3 : Konfli yo nan peyi a (anv. 30 min) Site epi eksplike yon fason trè kout prensipal konfli nan peyi kote nou ye a. Diskite sou opinyon nou yo. Elabore ansanm yon lis konfli ki pi enpòtan yo. Nou pa bezwen kòmanse analize tout konfli ki nan peyi a !

Etap 4 : Chwa (anv. 30 min)

Egzamine ansanm de lis yo. Ki lyen nou konstate ant yo ? Ki pwen komen nou jwenn ant yo ? Epi, chwazi de konfli nou estime ki pi enpòtan yo sou lis konfli yo nan pwojè a. Gade si se yon chwa tout moun pataje oswa si sijè nou pwopoze pi souvan yo gen lyen ant yo menm. Gade si gen lyen ant prensipal sijè sa yo ak lis konfli yo nan peyi a. Apre, defini, nan plas yon sentèz, sitiyoasyon konfli ki domine nou ta renmen trete nan rès analiz la. Ekri tit la ak yon deskripsyon trè kout de konfli sa a, sa ki bay baz pou Dokiman sentèz n° 1 : *Definisyon konfli a* (Nap itilize Dokiman sentèz sa yo pi devan nan analiz la).

Etap 5 : Rashōmon 羅生門 (anv. 90 min)

Gen yon fim ki soti Japon nan lane 1950 ki montre nou konsiderasyon pèsonèl yo pa janm sispann brimen vrè reyalitye a. Rashōmoèk, tit fim nan, se tou non yon ansyen pòt yon vil. Evenman yo ap pwodwi nan mitan XIIe syèk la, nan Kyoto, nan moman kote pòt la, ki twouve l nan yon katye sal, deja domaje anpil apre tranbleman de tè ak delabreman. Pèsonaj yo, yon mwann, yon bichwon ak yon sitwayen, rankontre nan pòt Rashōmon nan pandan yon gwo tanpèt, yo abrite yo la epi yap tann ansanm, anba dekonb yo, pou lapli a pase. Bichwon an ap rakonte istwa vyòl yon fanm ak lanmò mari l yo touye, yon samouraï. Istwa sa a repete kat fwa swivan diferan konsiderasyon moun ki enplike yo epi li prezante espektatè yo diferan fason nou kapab nye souveni, verite ak santiman ki fè nou koupab. Menm lè se toujou menm aksyon an – yon vyòl ak yon asasina – istwa a pa janm menm jan an epi li rete enposib, jiskaske fim nan fini, pou etabli yon sèl verite.

Kòmanse detèmine ansanm tout pèsonaj/aktè ki patisipe nan konfli a, ki gen yon enpak sou li epi ki konsène. Si nesèsè, mande moun ki konnen sitiyoasyon an pi byen an presizyon. Epi detèmine prensipal pèsonaj yo (twa pou pi piti, pou pi plis kantite moun ki gen nan gwoup nou an) epi distribye wòl yo nan mitan gwoup la. Eseye, pou kont nou oswa pa ti gwoup, mete nou nan plas pèsonaj nou an. Konsantre nou sou karakteristik li yo (milye, sitiyoasyon, eksperyans, pa egzanp jèn fi selibatè, 16 an, avèk yon pitit wi mwa, kap viv an deyò, san fòmasyon, papa l nan prizon, manman l gen sida) epi reflechi sou fason moun sa ta kapab viv, eksplike konfli a, fason li ta vle oswa kapab jere konfli a. Devlope vèsyon konfli a pèsonaj sa a ta kapab rakonte. Menm si nou ta manke detay sou Istwa a, mete nou nan plas pèsonaj nou reprezante a.



Estrikti ak fonksyònman

Pou sa, pran 15 minit. Aprè, chak ti gwoup ap jwe wòl pa li a nan yon konpozisyon teyat an gwoup, pou l ka prezante pèsonaj yo te ba li a. Kòmanse avèk yon moun ki pral nan mitan sal la epi ki ap eseye kenbe kò l nan yon pozisyon ki eksprime santiman pèsonaj li reprezante a. Moun ki nan lòt ti gwoup yo ap vin jwenn li aprè, youn aprè lòt. Kontwòl distans ak rapwochman avèk lòt pèsonaj yo epi eseye toujou eksprime fizikman sa pèsonaj ou a santi. Pa ezite egzajere yon ti kras, pou moun kap gade yo ka wè ki sa ou vle montre. Eseye jiskaske ou santi ou repwodwi sityasyon an nan sans li ta dwe ye a. Lè tout reprezantan nan chak ti gwoup yo fin plase, chak pèsonaj ap pale nan lòd kote lap rakonte istwa « pa li a » : « mwen se... ». Aprè, nou kapab poze kesyon, diskite, eseye wè yon ti kras kòman konfli a te kapab evolye, sa ki itil, sa ki pa itil, elatriye. Pwofite okazyon sa pou fè yon bagay, men an menm tan pou mande lòt moun yo ki konsekans zak sa yo genyen pou yo. Se yon jwèt wòl, tankou yon eskilti oswa yon ti teyat, kote nou kapab konprann ansanm divès konsiderasyon ak santiman ki soulve lakay moun ki enplike yo. Pou jwèt wòl sa, fòk gen yon moun kap mennen jwèt la, yon animatè/tris kap dirije pwosesis la, mete an sèn divès konsiderasyon yo epi fè parèt klèman santiman chak pèsonaj yo.

Gid itilizasyon zouti sa gen kèk endikasyon pwatik ladan. Si nou pa janm patisipe nan kalite jwèt sa, li nòmal pou nou santi nou yon jan eksite oswa enkyete. Men, se pa yon reprezantasyon piblik, se yon montaj ki pèmèt nou konprann pwoblèm nan pi byen, epi eksprime santiman yo pi byen, yon lòt fason ki pa yon senp pawòl. Kwè nan kapasite nou pou eksprime nou pa mwayen teyat epi eseye nouvo apwòch sa a. Konpozisyon an dwe dire ant 30 ak 40 minit. Nou kapab itilize 35 minit an plis anviwon aprè, pou n debat sou enplikasyon « jwèt » sa. Aprè aktivite sa, anpil fwa deba yo konn rich epi pasyone, paske tout patisipan yo entèveni lontan oswa plizyè fwa, yo santi yo enplike nan sityasyon an.

Sentèz (anv. 10 minit)


Animatè/tris la ap fè yon sentèz sou deba a ansanm ak rezilta yo, epi lap ekri Dokiman sentèz n° 1 : *Definisyon konfli a*. Si li nesèsè, nou ka toujou konplete dokiman sa aprè dènye egzèsis la.

Peyizaj konfli a



Dire : 155 minit an tou

Si nap gade chak jou, li difisil pou konprann, nan tout aspè konplèks li, yon sityasyon konfli tankou sa nou desine nan Chapit *Entèpretasyon pèsonèl la*, epi debat sou kòz ak enpak li yo. Pou rezon sa a, nou vle entwodwi, nan analiz konfli a, yon demach sistematik ke nap rele *Peyizaj konfli a*. Pou sa, nap rasanble divès aspè pwojè a. Nap idantifye aktè konfli yo, sa vle di tout bann moun ak enstitisyon ki aktif nan divès nivo yo, soti nan nivo pèsonèl oswa familyal pou rive nan nivo nasyonal ak entènasyonal, an pasan pa nivo lokal. Nap dekri epi sistematize dimansyon konfli yo : ekonomik, kiltirèl, politik ak endividyèl oswa pèsonèl. Nap detèmine tou pwoblèm-kle konfli a. Nou konnen kèk nan dimansyon sa yo depi lontan, yo petèt te nan premye plan lè nou te kòmanse pwojè a. Gen lòt nou te konnen, men tou nou te estime ke yo pa t genyen okenn enpak sou travay nou an. Gen lòt ankò ki parèt twò pèsonèl oswa san sans. Nou vle elabore yon « peyizaj » konplè nan mezi li posib, epi nap fè efò pou nou pa bliye okenn nòm, ni okenn valè. Pou fini, nap abòde tou tèm sikososyal esansyèl yo, tankou lapèrèz, twomatis ak dèy, epi nap rezime vizyon nou sou peyizaj konfli a.




Etap 1 : Analiz aktè yo retounen sou prensipal moun ki an konfli yo ak lòt moun ki patisipe nan konfli a, epi repati yo nan diferan nivo : entènasyonal, nasyonal, kominal ak famiyal/endividyèl. Patisipan yo ap chwazi nivo konfli ki enpòtan pou pwojè yo a. Etap sa abouti sou elaborasyon Dokiman sentèz n° 2: *Aktè yo swivan diferan nivo konfli a.*

Etap 2: Nap egzamine enterè moun ki an konfli yo epi nap analize objè konfli a nan divès dimansyon li (sijè, kilti, ekonomi politik, patisipasyon politik). Ki mwayen moun yo itilize pou yo ka egzèse pouvwa yo? Etap sa abouti sou elaborasyon Dokiman sentèz n° 3: *Objè konfli a swivan dimansyon li.*

Etap 3: Nap itilize konsèp sa yo: menas/pè, destriksyon/twomatis ak pèt/dèy, pou n ka idantifye pwosesis sosyal ak sichik aktè konfli yo. Etap sa abouti sou elaborasyon Dokiman sentèz n° 4: *Prensipal tèm sikososyal / gwoup ki vin pi fèb, gwoup ki vin pi fò.*

Etap 4: Nap retounen yon dènye fwa sou rezilta chapit sa a epi nap konsidere tout ansanm. Vizyon global sa ap ede nou egzamine, yon lòt fwa ankò, sityasyon konfli ki domine a epi pi byen konprann li.



Kategori dimansyon konfli a

Sijè

Nap viv nan yon rezo sosyal, sa vle di nou an relasyon avèk lòt moun ki enterese nou ou non, ke nou renmen ou non, ki egzèse yon pouvwa sou nou ou non. Nan estrikti sa a, nou wè tèt nou tankou moun ki genyen objektif ak dezi, fristrasyon, kòlè, elatriye. Nou defini tèt nou an rapò ak lòt yo epi lòt moun yo defini nou an pati. Anpil konfli kreye nan sitiyo sa a. Souvan, dezi nou yo an kontradiksyon ak posiblite pou n reyalize yo swivan milye sosyal la.. Bezwen elemantè rekonesans yon moun genyen, se yon motivasyon enpòtan pou n adapte epi epanwi nou, nan domèn prive, tankou nan domèn pwofesyonèl ak piblik. Nou se moun sosyal ki depann de afeksyon lòt yo. Tan pou milye sosyal la bay moun yo rekonesans epi favorize epanwisman sichik yo, li kapab pito meprize epi twomatize yo. Eksperyans enpòtan sa yo nan kad konfli a make zak nou yo, reyaksyon nou yo fas a menas, epi etap kap vini yo nan epanwisman sichik nou. Yo detèmine lide nou genyen de jistis ak enjistis. Konfli sosyal yo pa dewoule yon fason abstrè, men konkrè, anndan epi sou kò yo. Aspè sa a gen yon doub enpòtan, paske nou soufri de tout konfli yo, yon fason endividyèl, epi paske nou kontribiye tou pou kreye konfli yo. Konsa, fason pèsònèl chak moun wè bagay yo jwe yon wòl enpòtan anpil nan analiz peyizaj konfli a.

Kesyon : Ki sa ki satisfè moun yo ? Ki sa ki fè yo soufri epi kòman yo manifeste soufrans sa a ?
Ki sa yo pè ? Eske yo santi yo trete yo yon fason ekkitab?

Mo-kle : Depandans, otonomi, swen, idantite, santiman, twomatis, estim pou tèt nou.

Kilti

Chak moun fèt nan yon kontèks kiltirèl detèmine. Idantite yo devlope a, se pa sèlman yon karakteristik pou diferansye chak moun, men se tou mwayen pou montre yo soti nan yon gwoup ki gen sistèm valè pa li, fason pou lye relasyon yonn ak lòt, atant pa rapò a vi a, epi aksyon posib ki depann de sa. Kolektif la fonde dabitid apatenans lan sou kritè etnik, nasyonal, relijiye ak sosyo-ekonomik, yon fason pou make fwontyè ak lòt gwoup yo. Nan sans sa a, nou konstate an jeneral ke yo prezante epi konprann apatenans lan yon fason ki plis tradisyonèl ke jan li ye nan reyalye a. Men, an jeneral apatenans yo miltip. Pa egzanp, yon moun ka an menm tan, kretyen, outou epi soti nan peyi Rwanda. Apatenans ak atribisyon kiltirèl yo parèt souvan kòm prensipal motif konfli yo, menm lè aspè pwofon yo ak kòz reyèl yo konplètman diferan. Nan konfli yo, sa rive souvan ke moun yo nye, konteste epi reprime divèsite apatenans kiltirèl yo.

Kesyon : Ki moun ki fè pati majorite a ? Ki moun ki fè pati minorite a ? Ki moun yo redwi swivan kilti li, ki moun ki fè l sa ? Ki eleman pozitif, negatif ki genyen kòm rezilta ?

Mo-kle: Kilti, relijyon, atribisyon, stigmatizasyon (kondanasyon).

Ekonomi politik

Dimansyon sa baze sou repatisyon resous sosyal yo ant gwoup yo ki konpoze Leta a ak sosyete a, li baze tou sou mekanis ki asire akimilasyon yo. Nan tan mondyalizasyon sa a, nou enterese tou a « dominasyon kiltirèl yo », a lide yo, a valè yo epi a enterè ki enpoze tèt yo patou nan mond lan. Sa vle di yon bò, eleman materyèl, yon lòt bò, eleman estriktirèl ki sanble pa gen okenn rapò ak ekonomi, men ki poutan fè pati kontrent mondyal yo. Kòm egzanp, nou ka site obligasyon pou chak moun genyen yon televizyon, oswa tandans pou vann tout bagay, menm dlo.

Kesyon : Eske gen travay ? Pou ki moun antrepriz yo ye ? Eske moun yo propriyete kay yo oswa lokatè? Ki moun ki rich, ki pòv, epi pouki sa? Ki moun ki gen avantaj nan konfli a?

Mo-kle : Pwoblèm ekonomik, povrete, eksklizyon sosyal ak kiltirèl.

Patisipasyon politik

Dimansyon sa baze sou fason sitwayen yo patisipe nan vi politik la. Konsa, demokrasi a mande pou popilasyon an patisipe yon fason aktiv nan pran desizyon enpòtan, epi pou detèminasyon ak reyalyasyon chak moun vin tounen yon objektif sosyal komen enpòtan. Kanmenm, patisipasyon politik la pa limite nan fè eleksyon lib, men li ekspriye l sitou na lavi chak jou anndan kominote yo.

Kesyon: Ki divès fòm patisipasyon ki egziste? Ki moun ki gen pouvwa? Ki moun ki pran desizyon yo? Eske nou ka fè respekte dwa moun yo nan koze jistis? Eske sistèm jistis la fonde sou prensip respè dwa, egalite ak diyite moun ?

Mo-kle : Patisipasyon nan pwosesis sosyal yo, estrikti pouvwa ak rapò de fòs.



Prensipal tèm sikososyal

Reyalite sosyal	Ekivalan sichik
<p>Menas Ki moun ki menase ? Pa ki moun ? Depi ki lè ? Ki gravite menas la ? Nan ki mezi nou ka prevwa l ? Nan ki mezi nou ka kontwole l ?</p>	<p>Pèrèz Eske se yon pèrèz ki tabli pou lontan oswa pou yon ti moman ? Eske li ekspriye yon fason ki klè oswa li kache? Kòman l viv sitiyasyon an? (egzanp).</p>
<p>Destriksyon Eske gen destriksyon ? Nan ki mezi destriksyon sa yo toujou fèt ? Depi ki lè gen destriksyon ? Nan ki mezi yo konn fèt, sa pa gen twò lontan ? Ki moun ki sibi enpak yo ? (egzanp).</p>	<p>Twomatis Eske gen sentòm ki lye ak twomatis menm (flashbacks, sansiblite depase, angoudisman) Eske gen lòt sentòm viktim yo lye ak destriksyon yo sibi a? (pa ka travay, tèt fè mal oswa vant fè mal, pa ka dòmi) Eske yo pale sou sa nan kominote a oswa se yon sijè tabou?</p>
<p>Pèt Ki moun ki disparèt ? Ki moun ki pèdi pwòch yo ? Eske se pèt twomatik ak sibi? Eske yo te kapab antere moun ki mouri yo ? Ki lòt pèt yo sibi : byen, konviksyon, apatenans) ?</p>	<p>Dèy Eske dèy la rankontre difikilte? Si wi, ki sa yo ye (egzanp)? Eske yo gen plis lyen ak rekonesans epi akseptasyon pèt la oswa ak pa kapab kanpe dèy la pito? Eske se yon pwosesis nouvo oswa ansyen?</p>



Estrikti ak fonksyònman

Etap 1: Aktè yo (anv. 15 min)

Nap pati ak jwèt nou fenk fin fè a, ki baze sou fim « Rashōmon » nan. Site ankò prensipal aktè konfli a. Distenge, si l posib, moun ki aktif nan konfli a, ak moun ki sibi enpak konfli a, men ki pa prensipal aktè yo. Pa egzanp, lè paran yo ap fè kont antre yo, timoun yo pa aktif nan konfli a, men yo toujou konsène. Idantifye nan ki nivo konfli a diferan moun yo aktif: entènasyonal, nasyonal, kominal, familial/endividèl. Jwenn nan ki nivo pwojè nou an entèveni. Fè atansyon tou ak aktè ki gen enpak sou li yo, menm si nou ka pa trete ak yo dirèkteman. Pwiske nivo endividyèl la toujou enpòtan, nou dwe dekri l nan tout ka yo. Mete rezilta yo ansanm epi fè yon rezime nan Dokiman sentèz n° 2: *Aktè yo swivan diferan nivo konfli a.*

Etap 2: Objè ak fòm konfli a

(anv. 60 min)

Animatè a ap prezante byen vit 4 dimansyon konfli yo: sijè/moun, kilti, ekonomi politik ak patisipasyon politik (5 minit). Fòme 4 gwoup, yon gwoup pou chak dimansyon, epi diskite sou kòman pou n dekri konfli a, swivan dimansyon gwoup la konsidere a. Eske dimansyon sa enpòtan pou konfli a? Ki objè konfli a swivan dimansyon sa a? Ki rapò de fòs ki genyen? Nan dimansyon sa a, ki sa moun ki konsène yo vle genyen, enpoze oswa anpeche? Ki mwayen yo itilize? Si nou vle, nou ka gade nan deskripsyon dimansyon konfli yo pou n ka trete kesyon sa yo (30 minit). Prezante travay nou an nan seyans plenye epi debat sou li (25 minit). Apre, pwodwi ansanm Dokiman sentèz n° 3: *Objè konfli a swivan dimansyon li.*

Etap 3: Prensipal tèm sikososyal

(anv. 60 min)

Dimansyon sikososyal yo jwe yon wòl nan tout konfli yo. Nou pale ti kras sou sa deja pandan etap avan an, ki pale sou « sijè » konfli a. Kounye a nou pral apwofondi aspè sa a. Desen ki nan kòmansman chapit sa prezante 3 konsèp jimo ak yon karaktè sikososyal. Patisipan yo ap fòme 3 gwoup epi chak gwoup gen anviwon 30 minit pou l diskite sou yonn nan konsèp double yo epi eseye etabli enpòtan yo pou aktè konfli a. Toujou kòmanse pa defini reyalite sosyal la, apre ekivalan sichik li. Diskite si gen viktim konfli a ki sans defans. Ki kalite soufrans ki kreye epi ki enpòtan anpil nan konfli a? Idantifye ansanm gwoup ki vin pi fèb epi ki pèdi pye a koz konfli a, sa ki jwenn avantaj epi vin pi fò. Prezante prensipal pwèn yo nan diskisyon pandan seyans plenye a. Ekri ansanm Dokiman sentèz n° 4: *Prensipal tèm sikososyal / gwoup ki vin pi fèb, gwoup ki vin pi fò (30 minit).*

Etap 4: Konsekans yo ak sentèz

(anv. 20 min)

Animatè a ap rezime rezilta travay an gwoup yo (Dokiman sentèz n° 2, 3 et 4). Patisipan yo ap egzamine yon lòt fwa eleman ki rantr nan kad konfli a, epi konplete, si nesèsè, Dokiman sentèz yo, yap note lide ki jèmèn pandan divès etap yo.

Mekanis ak fonksyon konfli yo




Dire: 120 minit an tou

Chapit *Mekanis ak fonksyon konfli yo* gen pou objektif fè parèt epi konprann dinamik konfli nou te defini pandan chapit avan yo. Nou dwe, yon bò, defini eleman ki divize (dividers) ak eleman ki rasanble (connectors) yo, sa vle di dekri sikonstans ki rasanble oswa divize moun yo, epi detèmine kòman kèk nan yo kapab kontribiye pou transfòme konfli a oswa anpeche li. Nou dwe tou, yon lòt bò, konprann istwa konfli a nan divès sekans yo, epi idantifye pwosesis emosyonèl yo ki jwe yon wòl pou diferan aktè yo, ki detèmine konpòtman yo. Finalman, objektif la se an menm tan, evalye posiblite evolisyon konfli, sou baz analiz sa a, epi adopte yon vizyon kominotè pa rapò ak vizyon sou transfòmasyon konfli yo.



Estrikti ak fonksyònman




Etap 1: Nap entwodwi nosyon eleman ki rasanbe ak eleman ki divize.

Etap 2: Nap defini prensipal eleman ki rasanble yo ak eleman ki divize yo pou n kapab konnen ki sa ki kontribiye pou transfòme konfli a epi ki sa ki anpeche l. Etap sa a abouti a Dokiman sentèz n° 5 : *Eleman ki rasanble, eleman ki divize*.

Etap 3: Nap entwodwi nosyon sekans istorik.

Etap 4: Nap idantifye sekans istorik konfli a epi nap elabore Dokiman sentèz n° 6: *Istwa*.

Etap 5 : Nap debat sou posibilite evolisyon konfli a. An plis, nap evalye konsekans dewoulman konfli a sou pwosis devlopman an. Etap sa abouti a Dokiman sentèz n° 7 : *Evolisyon*.



Diferans ant eleman ki divize (*dividers*) ak eleman ki rasanble (*connectors*) yo bay nou enfòmasyon sou prensipal eleman konfli a ki kapab favorize transfòmasyon l oswa ki pa kapab. Pou sa, nap baze nou sou kategori yo ki nan grafik anwo a – sistèm, anplasman, valè, atitid ak senbòl – kap ede nou analize avèk estrikti, divès aspè kontèks yon konfli. Li pa tap bon pou n ta konsidere otomatikman eleman ki divize yo tankou eleman ki gen yon enpak negatif, epi eleman ki rasanble yo tankou eleman ki gen yon enpak pozitif sou evolisyon pasifik konfli a.

Men, yon menm sitiyasyon kapab konbine tou de (2) eleman sa yo. Kan menm, li enpòtan pou nou byen rekonèt eleman ki divize yo ansanm ak eleman ki rasanble yo, pou n kapab konnen ki konpòtman pou n genyen nan kad konfli a, epi jwenn kèk pis solisyon. Kidonk nou dwe mande tèt nou ki sa ki divize moun yo, epi ki sa ki rasanble yo, an menm tan, analize kilès nan eleman sa yo ki transfòme konfli a, kilès ki pa transfòme l.



Analiz sekansyèl istwa konfli a

Soti nan konsèp twomatis sekansyèl Becker & Weyermann nan¹

Premye sekans : Avan konfli a kòmanse

Tout konfli gen yon kòmansman. Toujou gen yon istwa anvan ki te gen kèk ti konfli ladan. Lè nou byen gade, etap sa konn sanble pa gen twop pwoblèm, anyen pa deranje tèlman. Pou anpil moun anndan konfli a, li rete aprè yon repè etap sa se yon sous enpòtan ki montre kote konfli a te soti. Sa vle di nou dwe detèmine ki lè konfli a te kòmanse epi ki istwa li avan.



Dezyèm sekans: Kòmansman konfli a epi reglaj lè

Li fasil pou rekonèt premye siy konfli a, epi siy sa yo kapab vin parèt plis, men poko genyen menas dirèk tout bon. Anpil konfli konn rete lontan nan nivo sa a epi vin pi mal, sa vle di yo pa janm rezoud, men yo pa janm amelyore non plis. Pafwa, aprè anpil tan kote bagay yo parèt trankil, britsoukou bagay yo vin degrade byen vit oswa gen yon eksplozyon, yon sitiyasyon lapèrez byen kout, epi sitiyasyon an retounen trankil ankò.



Twazyèm sekans: Menas grav /Eskalad konsiderab

Karakteristik sekans sa se yon menas dirèk sou vi popilasyon yo, kèk pwosesis destriksyon, oswa yon eskalad konsiderab konfli a. An Jeneral se sitiyasyon kote gen lagè oswa lòt evenman ki sanble ak sa, sitiyasyon kote vi moun an danje. Se pa tout konfli ki rive nan sekans sa. Poutan, menm ti konfli yo konn rive nan nivo sa a ki sanble ak lagè.



Katriyèm sekans: Menas grav la vin kwonik/Eskalad konsiderab

Se yon sekans ki trè pwòch ak sekans avan an, yo kapab altène youn ak lòt, souvan konn gen kèk peryòd akalmi nan kad yon gè, pèsikisyon oswa menas sou vi popilasyon yo. Konfli ekstrèm yo konn souvan genyen kèk moman gwo lapèrez, lakay chak moun epi nan tout sosyete a, men tou konn gen kèk moman kote bagay yo poze, yo parèt trankil, an atandan pwochen eklatman an.

Senkyèm sekans: Tranzisyon

Lè konfli yo pral fini, ka genyen kèk negosyasyon pou lapè ; pafwa se senpman dyalòg ant moun yo ki rekòmanse. Pafwa kondisyon vi popilasyon yo konn yon jan amelyore, pafwa li konn vin pi mal pou kèk tan. Tranzisyon ant etap « konfli » ak etap « aprè-konfli » a kapab kout oswa long, epi li charye yon melanj etranj ki gen danje ak espwa. Se lè tranzisyon sa kòmanse nou kapab gen yon vizyon pou demen, pandan li vin parèt klè ke li pa posib pou chanje/refè sak pase deja a. Se yon peryòd kote gen chanjman radikal avèk kriz lakay chak moun. Kèk konfli soti nan dezyèm sekans pou rive nan senkyèm sekans tou dwat. Pafwa tranzisyon an pa abouti sou lapè ak reyabilitasyon aprè-konfli, men yo abouti sou yon rekòmansman lagè ak gwo konfwontasyon.



Dènye sekans: Aprè konfli a

Nan kad sikolojik, dènye sekans lan pi konplike. Menm si konfli a pase deja, tras yo prezan toujou. Se nan moman sa a menm li posib pou n fè limyè sou istwa konfli a. Souvan, se paske nou rete an silans, nou refize abòde pwoblèm ki pandye yo, ki fè nou louvri pòt pou lòt konfli ka rive.





Sekans nou sot prezante yo sèvi kòm repè pou n ka sitiye nou nan dewoulman konfli a epi ede nou retrase istwa konfli a. Tout konfli pa oblije pase pa tout etap sa yo. Sekans yo kapab varye anpil nan dire yo, yo kapab repete epi vin pi malouk.

Yo genyen diferan degre menas ak soufrans, epi yo pèmèt nou byen idantifye pwosesis emosyonèl ki lye ak kontèks istorik la. Gen kèk konfli fèb nou kapab kategorize swivan chema sa a, men sèlman pou konpare. Se yon travay ki itil kanmenm

Etap 1 : Entwodiksyon sou nosyon eleman ki rasanble ak eleman ki divize (anv. 10 min)

Animatè a ap prezante nosyon eleman ki rasanble (*connectors*) ak eleman ki divize (*dividers*).

Etap 2 : Definisyon eleman ki rasanble ak eleman ki divize (anv. 30 min)

Gwoup la ap prepare ansanm yon lis eleman ki rasanble ak eleman ki divize, yap jistifye pou ki rezon yo klase chak eleman nan yonn nan kategori sa yo, epi yap eksplike pouki sa yo kwè ke eleman sa yo kontribiye nan transfòmasyon an oswa yo pa kontribiye. Rasanble rezilta yo nan Dokiman sentèz n° 5 : *Eleman ki rasanble, eleman ki divize*.

Etap 3 : Entwodiksyon sou nosyon sekans istorik konfli a (anv. 10 min)

Animatè a ap prezante nosyon sekans istorik konfli a.

Etap 4 : Dewoulman konfli a (anv. 30 min) Eseye pozisyone konfli a nan dewoulman sekans yo ki dekri nan chema a. Ki sa ki evènman pase yo ? Ki karakteristik sekans kounye a ? Ki pwosesis emosyonèl ki parèt plis nan istwa a kay aktè yo (pèrèz, raj, rayisman, dèy) ? Mande tèt nou tou kòman gwoup ki vin fèb yo ak gwoup ki vin fò yo nou te defini nan Chapit II a evolye, pandan konfli a ? (cf. Dokiman sentèz n° 4). Pa bliye, pwosesis istorik yo konsène tout sosyete a, men se yon bagay chak moun viv apa. Eseye touche tou de aspè yo. Fè yon rezime rezilta yo nan Dokiman sentèz n° 6 : *Istwa*.

Etap 5: Evolisyon konfli a (anv. 30 min)

Gwoup la ap divize l an de (2) sou-gwoup pou travay. Yo pral baze sou analiz yo te fè a, premye gwoup la ap elabore yon senaryo sou transfòmasyon konfli a, sa vle di yon vizyon pozitif sou evolisyon konfli a, epi lòt gwoup la ap elabore yon senaryo kote konfli a vin pi mal (20 minn). Apre, yap prezante senaryo yo nan yon seyans plenyè (5 min pou chak sou-

gwoup). Diskite sou evolisyon ki pwobab nan kad konfli a epi imajine ansanm yon vizyon. Lè nou fin antann nou, ekri Dokiman sentèz n° 7 : *Evolisyon*.

Sentèz (anv. 10 min)

Animatè a ap fè yon sentèz deba a ak rezilta yo. Lap anrejistre Dokiman sentèz n° 5, 6, 7 epi lap etabli lyen ak chapit kap vini an.


1 Becker, D. & Weyermann, B., 2006, Genre, transformation des conflits et approche psychosociale. Manuel. Berne: Direction du Développement et de la Coopération (DDC).

Aktivite pwojè a pa rapò ak konfli a



Dire: 210 minit an tou

Nan chapit *Aktivite pwojè a pa rapò ak konfli a* nap etidye lyen ant aktivite pwojè a ak konfli nou te dekri a, pou sa, nap itilize kòm endikatè rezilta Chapit *Peyizaj konfli a ansanm ak Mekanis ak fonksyon konfli yo, nap lye yo ak pwojè konkrè nou an*. Eske travay nou an ede vrèman nan transfòmasyon konfli a oubyen èske nou jwenn rezilta opoze a san nou pat gen entansyon sa? Eske travay nou an gen konsekans nou pat atann, men ki kapab transfòme konfli a? Moun kap travay nan pwojè a aji nan yon kontèks ki chaje ak konfli epi yap eseye satisfè divès egzijans, sa ki oblije yo anpil fwa fè gwo jefò epi genyen yon gwo kapasite adaptasyon. Kòm estabilite sikososyal anplwaye yo se pa yon bagay prive, men yo gen responsablite pou enstitisyon an, nou vle tou, analize konfli yo anndan ekip la. Li nòmal pou kalite konfli sa yo egziste.



Etap 1: Nap refere nou a wòl manb ekip la pou n ka dekri aktivite pwojè a, epi nap idantifye dimansyon konfli a (sijè/moun, kilti, ekonomi ak politik, patisipasyon politik) ki konsidere nan kad pwojè a. Lè nou site yo, nou asire vizibilite tout dimansyon enpòtan pou pwojè a. Men tou, tout sa ki te kapab kache. Nan etap sa a, nap travay yon lòt fwa sou Dokiman sentèz n° 3: *Objè konfli a swivan dimansyon l.*

Etap 2: Nap etidye konsepsyon pwojè a swivan kontèks konfli a. Gen pwojè ki kapab benefik, gen lòt tou ki kapab nwizib. Pwoblèm ki ka deklanche yo pa gen rapò sèlman ak entansyon pwojè a oswa kalite teknik li, men tou, epi sitou, ak entè-aksyon ant pwojè ak kontèks la. Nap travay ankò sou Dokiman sentèz n° 4: *Prensipal tèm sikososal / gwoup ki vin fèb, gwoup ki vin fò ak 5: Eleman ki rasanble, eleman ki divize.*

Etap 3: Nap analize mesaj etik kache ki nan aksyon nou yo, epi ki gen rapò ak kontèks konfli a. Mesaj etik ki pa depann de volonte oswa refleksyon yo ki soti nan bouch kolaboratè pwojè yo, kapab gen yon enpak pou transfòme kontèks konfli a oswa rann li pi mal. Nan etap sa, nap elabore Dokiman sentèz n° 8: *Mesaj etik kache.*

Etap 4: Nap analize rapò kolaborasyon ak lòt aktè ki lye ak kontèks konfli a. Patenarya yo, menm si yo kapab mete ansanm kèk fòs pou favorize yon menm objektif transfòmasyon, yo kapab tou frennen lide ak demach devlopman yo. Kounye a, nap elabore Dokiman sentèz, n° 9: *Rapò koperasyon.*

Etap 5: Nap analize kominikasyon anndan ekip la, swivan kontèks konfli a. Óganizasyon yo ak ekip yo kapab asire establiite sikososal anlwaye yo, men tou kapab rann pi fasil danje epwizman pwofesyonèl (*burn-out*) ak pwoblèm sichik. Nap elabore Dokiman sentèz n° 10: *Tansyon nan mitan ekip la.*

Etap 6: Nap rezime epi anrejistre tout Dokiman sentèz yo.



Etap 1: Aktivite pwojè a swivan dimansyon konfli a (anv. 40 min)

Ki moun, ki bagay, ki lè, ki kote epi ak kilès? Fè referans ak wòl manb ekip la pou dekri, ak tout presizyon posib, pwosesis ak aktivite pwojè a. Site fòm entèvansyon yo, objektif ak rezilta yo, yon fason konkrè epi ki pwòch reyalye a, epi defini dimansyon konfli yo (siyè, kilti, ekonomi ak politik, patisipasyon politik) ki konsidere nan kad pwojè a.

Konsilte Dokiman sentèz n° 3: *Objè konfli a swivan dimansyon li*, epi di sou ki dimansyon nou fè entèvansyon nan kad pwojè nou an, epi tou fason nou konsidere divès dimansyon yo oswa si n genyen nou pa konsidere.

Etap 2: Enpak pwojè a sou konfli a (anv. 30 min)

Ki enpak pwojè nou an genyen sou kontèks konfli nou te dekri an detay nan Chapit II ak III yo? Pran Dokiman sentèz n° 5 la: *Eleman ki rasanble, eleman ki divize*, epi gade ki rapò ki genyen ant pwojè a ak eleman sa yo. Ajoute analiz sa a, pou konplete Dokiman sentèz la. Ki gwoup ki benefisye soutyen pwojè a (soutyen materyèl, fòmasyon, elatriye)? Pran Dokiman sentèz n° 4: *Prensipal tèm sikososyal / gwoup ki vin pi fèb, gwoup ki vin pi fò* epi konplete l, montre rapò ant gwoup sa yo ak pwojè a. Eske pwojè a pran konsyans de gwoup sa yo epi okipe l de yo? Ki enpak ki entansyonèl? ki enpak ki envolonètè? Konsilte tou Dokiman sentèz n° 6: *Istwa pou verifiye si entèvansyon nou an adapte ak sekans konfli a kounye a*. Diskite sou kòman pwojè nou an kontribiye pou transfòmasyon konfli a oswa rann li pi mal.

Etap 3: Enpak mesaj etik kache yo sou konfli a (anv. 40 min)

Ki anbisyon nou pa rapò ak diferan moun ki an konfli yo, epi ki gwoup ki vin pi fò, gwoup ki vin pi fèb yo? Ki moun nou renmen? Ki moun nou pa renmen? Ki enterè pèsonèl nou genyen nan konfli a? ki enterè pwojè a genyen? ki atitid nou nan vi pwofesyonèl nou epi ki mesaj etik kache atitid sa transmèt? Fè referans ak aktivite ansanm ak wòl yo anndan ekip la nou te dekri nan etap 1 an. Panse tou ak karakteristik kiltirèl, itilizasyon resous yo, pataj responsablite yo, elatriye. Ki enpak mesaj etik kache yo genyen sou eleman ki rasanble ak eleman ki divize yo? Ki moun ki pwofite de prezans anplwaye yo, ki moun ki deranje pa prezans anplwaye yo? Ki moun ki vin jwenn respè, sekirite, byen, gras ak travay nou chak jou, ki moun ki pèdi? Fè yon lis mesaj etik kache yo epi prepare Dokiman sentèz n° 8: *Mesaj etik kache*.

Etap 4: Enpak relasyon ant patnè pwojè a sou konfli a (anv. 20 min)

Ki wòl kontèks konfli a jwe nan relasyon ant patnè pwojè a? Eske genyen yon refleksyon oswa yon menm vizyon sou pozisyon ak enterè patnè yo konsènan analiz konfli a epi posiblite transfòmasyon l? Ki mesaj nou transmèt nan rapò nou genyen ak patnè yo? Ekri rezilta yo epi prepare Dokiman sentèz n° 9: *Rapò koperasyon*.

Etap 5: Jesyon konfli anndan ekip la (anv. 60 min)

Kòman nou jere konfli yo nan mitan ekip la? Eske nou transmèt eksperyans nou genyen pa rapò ak konfli nou te dekri a, pandan rankont ekip yo oswa avèk anplwaye yo? Eske nou pale tou de pwoblèm sèchik nan travay la, de mekanis sikososyal ki lye ak menas, destriksyon epi pèt, pèrèz, twomatis ak dèy? Ki abitud nou genyen nan zafè konfli nan mitan ekip nou an? Eske nou debarase n de konfli a, nou rezoud li nan amoni oswa nou viv li aktivman? Objektif deba sa se pa rezoud tout konfli ki genyen nan mitan ekip la, men se poze ansanm yon dyagnostik pou konnen ki kote ki merite solisyon. Ekri rezilta yo epi prepare Dokiman sentèz n° 10: *Tansyon nan mitan ekip la*.

Etap 6: Anrejistremant rezilta yo (anv. 20 min)


Konsève 10 Dokiman sentèz yo epi verifiye si rezilta yo konplè ak si yo koresponn ak demach analiz la.

Evalyasyon : ki sa pou n kenbe, ki sa pou n modifye ?



Dire: 180 minit pou pi piti

Chapit *Evalyasyon an: ki sa pou n kenbe, ki sa pou n modifye ?* gen pou objektif mete an pwatik rezilta yo pa rapò a pwojè a, nan yon fason ki konkrè epi ki bay satisfaksyon, nan objektif pou kapab amelyore kapasite pwojè a pou transfòme konfli a. Se pa yon travay ki fasil, paske rezilta chapit ki vin avan yo pa montre ki kalite chanjman ki pou fèt yo, men sèlman yo montre ki kote chanjman yo nesèsè. Pwopozisyon ki konkrè, ki reyalizab epi ki ta kapab modifye pwojè a pandan lontan, yo fonde sou desizyon ki merite diskite. Yo depann tou de kad politik ak finansye, de estrikti òganizasyon yo, epi de ekip la. Kidonk li enpòtan pou n detèmine limit pwojè a epi ki kote nou ta renmen epi kapab fè kèk chanjman. Pa bliye ke chanjman an se yon pwosesis ki pap janm bout. Pou sa, nou dwe re-gade estrateji yo tanzantan epi adapte yo ak dinamik konfli a. Pwopozisyon ke nap fòmile nan chapit sa konsène planifikasyon pwojè a, pwosedi travay yo, estrikti òganizasyon yo, apwòch metodik yo ak definisyon benefisyè yo, rapò ant patnè yo ak relasyon piblik yo, ansanm ak enstitisyonalizasyon pwosesis refleksyon yo. Dènye eleman sa gen yon enpòtans espesyal, paske obsèvasyon, kominikasyon, konpreyansyon, adaptasyon pou planifye yon lòt fwa epi mete sou pye, se kèk demach enpòtan ki pote fwi sèlman si òganizasyon an akòde yon wòl enpòtan a refleksyon ansanm ak enstitisyonalizasyon nan pwosesis la. Se sèl mwayen pou entegre pwojè a nan kad konfli yon fason dirab, epi pou garanti evolisyon li.



Chita sou rezilta chapit avan an, ki li menm mete rezilta 3 premye chapit yo an lyen ak pwojè a, dènye chapit sa bay tèt li kòm objektif pou l detèmine tout eleman nan pwojè a nou dwe kenbe, epi tout eleman nou dwe modifye paske yo pa kontribiye nan transfòmasyon konfli a oswa paske yo pa konsidere konfli a. Pou rezon sa a, chapit sa enpòtan anpil nan planifikasyon pwojè a. Men poutan, li pa defini egzakteman etap planifikasyon yo, paske sa depann sitou de patikilarite chak pwojè ansanm ak rezilta chapit avan yo. Konsa, evalyasyon pwojè a fèt avèk kèk kesyon-kle epi chita sou dokiman sentèz yo ki te elabore pandan analiz konfli a, epi ki pèmèt nou konsidere tout aspè ki te abòde yo. Ekip yo kapab chwazi kèk kesyon-kle swivan bezwen yo epi apwofondi yo. Kanmenm, nou rekòmande yo konsidere tou tout aspè ki parèt nwizib oswa sans, paske pafwa gen kèk demach enpòtan pou transfòmasyon ki kache dèyè aspè sa yo.

Kesyon-kle

1. Kòman pwojè w la fè referans a konfli a ? yon fason ki sifizan ? ki twò limite ? ki twò jeneral ? ki twò espesifik ? Eske nou dwe modifye yon bagay ? Ki sa ki manke ? Eske pwojè a konsidere dimansyon nan konfli a ki enpòtan pou rive a yon solisyon pozitif.

Pou reponn kesyon yo, itilize Dokiman sentèz n° 1 : *Definisyon konfli a*, n° 3 : *Objè konfli a pa rapò ak dimansyon l* n° 4 : *Prensipal tèm sikisosyal / Gwoup ki vin pi fèb, gwoup ki vin pi fò*, n° 6 : *Istwa* ak n° 7 : *Evolisyon*.

2. Ki eleman ki divize, ki rasanble ? ki eleman nou dwe diminye, ranfòse ? Ki mesaj kache nou dwe modifye, retire oswa eksplike ?

Pou reponn kesyon yo, itilize Dokiman sentèz n° 5 : *Eleman ki rasanble, ki divize*, n° 6 : *Istwa* ak n° 8 : *Mesaj etik kache*.

3. Definisyon objektif yo: Ki objektif nou dwe konsève? Kilès nan yo nou dwe adapte a kontèks konfli a? Kilès nan yo nou dwe redefini epi kòman, yon fason pou nou kapab ranfòse eleman transfomatè yo gras ak pwojè nou an ?

Pou reponn kesyon yo, itilize *Dokiman sentèz n° 1 : Definisyon konfli a*, n° 3 : *Objè konfli a pa rapò ak dimansyon'l* n° 5 : *Eleman ki rasanble, sa ki divize* n° 6 : *Istwa*, n° 7 : *Evolisyon* ak n° 8 : *Mesaj etik kache*.

4. Benefisyè yo: Ki opsyon pou nou konsidere pou n kapab modifiye apwòch pwojè a, nan sa ki gen pou wè ak definisyon benefisyè yo ak mwayen pou jwenn yo?

Pou reponn kesyon yo, itilize Dokiman sentèz n° 2: *Aktè yo swivan diferan nivo konfli a* n° 4: *Prensipal tèm sikososyal / gwoup ki vin pi fèb, gwoup ki vin pi fò, n° 5: Eleman ki rasanble, eleman ki divize ak n° 6: Istwa.*

5. Apwòch metodolojik: Ki aspè nan apwòch metodolojik la ki parèt pi itil ? Ki difikilte ki genyen nan aplikasyon metòd nou chwazi yo nan kad kontèks konfli a ? Ki modifikasyon nou ta dwe fè ? Kilès nan yo ki reyalizab ?

Pou reponn kesyon yo, itilize Dokiman sentèz n° 3: *Objè konfli a swivan dimansyon'l, n° 4: Prensipal tèm sikososyal yo / gwoup ki vin pi fèb, gwoup ki pi fò ak n° 5: Eleman ki rasanble, eleman ki divize.*

Pa bliye, metodoloji a jwe yon wòl enpòtan nan evolisyon konfli a. Si fòmilasyon objektif yo ak planifikasyon pwojè a pa konsidere konfli a, yo pa kontribiye nan evolisyon konfli a, menm si yo enterese a pwoblèm sa.

6. Eske rapò ak enstitisyon kap finanse pwojè a ansanm ak tout lòt òganizasyon yo favorize transfòmasyon konfli a? Ki eleman konstriktif nan rapò kolaborasyon yo ak nan rapò ak lòt moun yo (relasyon piblik) nou dwe konsève, kilès nan yo nou dwe modifiye? Kòman pou nou garanti konfyans nan rapò ak òganizasyon patnè yo? Ki sa ki pa ka fèt ?

Pou reponn kesyon yo, itilize Dokiman sentèz n° 2: *Aktè yo swivan diferan nivo konfli a* 9: *Rapò koperasyon.*

7. Eske estrikti pwojè a favorize transfòmasyon konfli a? Eske estrikti pou swivi ak evalyasyon, òganizasyon entèn ekip la ansanm ak bidjè a (an patikilye estrikti ekip la nan zafè salè) favorize sa?

Pou reponn kesyon yo, itilize Dokiman sentèz n° 10: *Tansyon nan mitan ekip la.*

8. Konsève estabilite sikososyal (estrikti konfli yo, pwoteksyon) anndan enstitisyon an : Ki posiblite fòmèl ak enfòmèl òganizasyon an genyen kounye a pou l kapab jere strès pwofesyonèl ak konfli nan mitan ekip la ? Ki sa ki fonksyone byen? Ki bezwen ki genyen? Eske yo swete epi kapab pran mezi enstitisyonèl ki pou pèmèt konsève estabilite sikososyal yo?

Pou reponn kesyon yo, itilize Dokiman sentèz n° 6: *Istwa ak n° 10: Tansyon nan mitan ekip la.*

